




Home Link - Haitian Creole

**(Lyen ak Lakay) Inite 6: Bagay ki Grandi: Semèn 5**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pítit ou pral aprann sou bagay ki grandi. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pítit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: _____

Langaj**Mwen Menm Kòm Yon ti Bebe ak Mwen
Menm Kounyea:**

Mande pítit ou an pou I fè yon desen de pwòp tèt li lè I te ti bebe ak jan I ye kounyea. Pale avèk pítit ou an sou ki jan li menm jan an ak ki jan li diferan kounyea, depi lè I te ti bebe.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Kisa ki diferans ant ou menm kounyea ak ou menm lè w te ti bebe?
- Kisa w panse/espere w ap kapab fè lòske w vin pi gran/pi gwo?

Alfabetizasyon

Chante Ansanm: Sa a se yon chante pítit ou an dwe abitye avè I.

I Measure Myself

I measure myself from my head to my toes.
I measure my arms, starting right by my nose.
I measure my legs and I measure me all.
I measure to see if I'm growing tall.
- *Anonymous*

Li e Pale Ansanm (20 minit)**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Sou ki sa w panse liv sa a pral pale?
- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?
- Ki pèsonaj ou pi renmen?

Gwo Mouvman Misk

Simon di: Ou menm ak pítit ou an, nou chak dwe fè yon ti kou pou n di.

Simon di:

- Mache sou de (2) bò tankou yon kanna
- Fè yon son tankou yon kanna
- Vole tankou yon kanna
- Rale atè a tankou yon ti bebe
- Mache tankou yon timou piti
- Kouri tankou yon timoun laj lekòl matènèl

Matematik

Konstrui fòm: Rasanble ansanm kèk chalimo, kidan, oswa ti moso papye. Mande pitit ou an pou l panse sou atribi yon fòm tankou yon kare, rektang, losanj, oswa trapèz). Envite pitit ou an pou l sèvi avèk materyo yo pou l kreye fòm nan.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Se ki jan w ta dekri fòm nan ou kreye a?
- Konbyen _____ ou panse w ap bezwen pou w fè yon _____ ?

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik lokal ou a epi jwenn kèk gwo liv sou bagay k ap grandi.

Lendi _____ Madi _____ Mèkredi _____ Jedi _____ Vandredi _____ Samdi _____ Dimanch _____

Liv n ape li lekòl la:

Make Way for Ducklings
ekriven: Robert McCloskey

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

Animals Born Alive and Well
ekriven: Ruth Heller

Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansamm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè, tankou 'ducklings' (ti kanna oswa kaneton), feather (plim), molt (depouye/deplime), waddle (mache sou de (2) bò), hatch (kale ze).
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, "Poukisa kanna yo te chanje lide yo konsènan abite nan jaden piblik lan?"